

## **BAB I BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Basa mangrupa pakakas pikeun komunikasi antara manusa jeung manusa dina hirup kumbuhna di masarakat. Basa mangrupa sistem lambang sora anu arbitrér, omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa anu puguh éntép seureuhna (sistematis) nu dipaké pikeun komunikasi. Kalungguhan basa dina kahirupan téh kacida pentingna, lantaran sakabéh *aktivitas* hirup kumbuh manusa moal bisa lepas tina basa. Salian ti komunikasi, basa ogé mibanda fungsi salaku pakakas pikeun ngaéksprésikeun diri manusa sangkan diaku éksisténsina dina lingkungan masarakat. Kaparigelan basa anu aya dihiji jalma bisa ngaliwatan prosés pamahaman hiji jalma kana informasi anu dihasilkeunana.

Dina pangajaran basa, aya opat kaparigelan basa anu kudu dicangking ku siswa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Salasahiji bidang garapan pangajaran basa jeung sastra di sakola anu miboga peran penting nya éta pangajaran nulis. Nulis mangrupa salasahiji kaparigelan basa anu perlu dicangking ku siswa. Ku cara nulis, bisa ngebréhkeun rasa, gagasan, jeung idéna. Nulis leuwih loba dipatalikeun jeung hiji *aktivitas* carita fiksi saperti sajak, carpon, novel, jeung drama. Padahal kagiatan nulis téh sabenerna mibanda harti anu jembar, nya éta kumaha hiji jalma bisa ngedalkeun pikiran, gagasan, jeung idéna sacara *terstruktur* jeung *terarah* dina wangun tulisan.

Kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan nu miboga peran penting dina kahirupan, lain saukur dina dunya atikan, tapi ogé dina kahirupan masarakat sapopoé. Kaparigelan nulis penting sabab mangrupa salah sahiji kaparigelan basa anu kudu dicangking ku siswa. Ku cara nulis, siswa bisa ngebréhkeun gagasan, idé, pamikiran, jeung rasa anu aya di dirina. Salian ti éta, nulis bisa ogé mekarkeun daya pikir jeung *kréativitas* siswa ngaliwatan nulis.

Nulis salaku salasahiji kaparigelan basa digunakeun pikeun pakakas komunikasi nu teu langsung. Nulis téh nya éta hiji kagiatan anu *aktif* jeung *produktif* sarta merlukan prosés mikir nu merenah tur diébréhkeun dina bahasa tulis.

Nulis asalna tina kecap tulis maké rarangkén hareup N- (nasal) anu ngandung harti ‘ngalakukeun’. Tina ieu harti ébréh yén nulis téh mangrupa hiji kagiatan. Tarigan (2008) nyebutkeun yén nulis téh nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma nepi ka jalma séjén bisa nyangkem éta basa tina gambaran grafik tadi. Fungsi nulis nya éta mangrupa pakakas komunikasi anu henteu langsung. Nulis kacida pentingna pikeun dunya atikan sabab nulis bisa ngagampangkeun murid dina prosés mikir.

Dina pangajaran nulis di sakola, nulis mangrupa kaparigelan basa nu ngawengku sababaraha kompetensi dasar. Salasahijina kompetensi dasar nulis karangan éksposisi. Hal ieu kaunggel dina Pedoman Pengembangan KBK 2004 jeung KTSP (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan) mata pelajaran Basa Daerah nya éta pangajaran nulis karangan éksposisi kelas VII.

Pangajaran nulis di SMP mangrupa salasahiji widang anu kurang dipikaresep ku siswa, siswa hésé ngébréhkeun idé jeung kecap-kecap anu merenah dina karangan. Salian ti éta, dina nulis karangan kudu merhatikeun éjahan jeung tata basa, anu balukarna muncul anggapan yén nulis téh mangrupa salasahiji palajaran nu kawilang kurang paminatna. Hal ieu lantaran kurangna kaparigelan kabasaan siswa, kurangna pangaweruh ngeunaan kaédah-kaédah nulis, sarta kurangna kasadaran siswa kana pentingna nulis.

Pangajaran nulis karangan éksposisi miboga tujuan sangkan siswa parigel dina nepikeun jeung ngaéksprésikeun paninggal, pikiran, jeung pangalaman ku cara *aktif tur kreatif*. Salian ti éta bisa ngahudang karep, karesep, sarta sikep nu hadé kana pangajaran nulis karangan éksposisi.

Dina prak-prakanana, siswa masih merlukeun tahapan-tahapan anu tangtu pikeun ngahasilkeun tulisan nu hadé, katambah minat sarta kasadaran siswa kana nulis téh masih kurang, balukarna kaparigelan nulis ku siswa sok dianggap pangajaran anu hésé.

Guru diperedih pikeun bisa nepikeun matéri ku cara leuwih narik ati sangkan ngamotivasi siswa, antukna siswa bisa leuwih paham kana matéri anu diajarkeun. Salasahiji pikeun ngungkulan ieu hal nya éta ku cara ngagunakeun *instructional video* minangka média pangajaran. Média penting pisan pikeun

ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi. Salasahiji média anu bisa ngahudangkeun sumanget jeung daya kréatif siswa .

Dina kasempetan ieu, panalungtik nyoba hiji hal pikeun ngaronjatkeun kaparigelan nulis hususna dina nulis karangan éksposisi nya éta ku cara ngagakauken média *movie maker*. Média *movie maker* téh nya éta média audio-visual anu nyoko éfék visual. Fungsi ieu program nya éta pikeun ngolah data digital kana *cuplikan-cuplikan* film, upamana nambah animasi, éfék visual, atawa rédaksi singget anu dipatalikeun jeung film anu rék diatur.

Ku digunakeunana média *movie maker* dina pangajaran nulis karangan éksposisi, dipiharep bisa ngaronjatkeun motivasi anu antukna bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi.

Aya sababaraha hasil panalungtikan ngeunaan nulis karangan éksposisi, salasahijina nya éta *Éféktivitas Modél Pangajaran Konstruktivisme dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Éksperimen ka Siswa Kelas VII-B SMP Pasundan 6 Bandung)*, (Yuyu Rahayu, 2007). Ieu panalungtikan medar ngeunaan nulis karangan éksposisi tapi ngagakauken modél pangajaran Konstruktivisme.

Aya ogé anu geus nalungtik ngeunaan média *movie maker*, nya éta *Éféktivitas Média Movie Maker dina Pangajaran Nulis Warta (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas IX E SMP Negeri 1 Manonjaya)*, (Fandi Purnama, 2007). Ieu panalungtikan medar ngeunaan éféktivitas média *movie maker* tapi dina pangajaran nulis warta lain dina nulis karangan éksposisi.

Panalungtikan ngeunaan éféktivitas média *movie maker* dina pangajaran nulis karangan éksposisi sacara umum can aya nu nalungtik. Ku kituna, panalungtik kapincut pikeun ngayakeun panalungtikan ngeunaan éféktivitas média *movie maker* dina pangajaran nulis karangan éksposisi.

Nilik kana pentingna média pangajaran dina kagiatan diajar ngajar, pentingna kagiatan nulis dina pangajaran basa, ogé bangbaluh siswa dina kagiatan nulis karangan éksposisi, ieu panalungtikan museur kana jenis média pangajaran pikeun nganyahokeun éféktivitas média *movie maker* dina pangajaran nulis karangan éksposisi. Ku ayana hal éta, ieu panalungtikan dibéré judul “Éféktivitas

Média *Movie Maker* dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang Taun Ajaran 2012/2013).

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang masalah, sangkan ieu pedaran teu lega teuing, masalah anu baris dipedar dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh nulis siswa, tapi diwatesanan lebah kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang taun ajaran 2012/2013.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- 1) kumaha kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang taun ajaran 2012/2013 saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*?
- 2) naha aya béda anu signifikan dina hasil diajar siswa kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang taun ajaran 2012/2013 dina nulis karangan éksposisi saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*?
- 3) naha média *movie maker* éféktif dipaké dina pangajaran nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang taun ajaran 2012/2013?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho éféktivitas média *movie maker* dina pangajaran nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang taun ajaran 2012/2013.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang taun ajaran 2012/2013 saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*.
- 2) signifikansi kamampuh karangan éksposisi siswa kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang taun ajaran 2012/2013 saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*.
- 3) éféktivitas média *movie maker* dina pangajaran nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang taun ajaran 2012/2013.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun panalungtik jeung nu maca dina pangajaran basa boh sacara téoritis boh sacara praktis.

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mikanyaho éféktivitas média *movie maker* dina pangajaran nulis karangan kelas VII-A SMP Negeri 1 Rawamerta Kabupatén Karawang taun ajaran 2012/2013. Hasilna dipiharep bisa ngaronjatkeun *kréativitas* guru dina ngagunakeun média pangajaran sangkan teu monoton. Salian ti éta, ogé dipiharep bisa ngaronjatkeun minat siswa dina nulis karangan éksposisi hususna minat pikeun diajar basa Sunda.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Dipiharep ieu panalungtikan téh bisa méré mangpaat ka sakumna unsur anu aya patalina jeung dunya atikan hususna atikan basa Sunda sarta bisa méré kontribusi anu positif pikeun guru, murid, panalungtik jeung nu maca.

#### **1.4.2.1 Manfaat pikeun Dunya Atikan**

Ieu hasil panalungtikan dipiharep miboga manfaat pikeun dunya atikan, nya éta bisa leuwih ngeuyeuban dunya atikan Sunda anu ahirna bisa ngarojong kana kamekaran élmu pangaweruh.

#### **1.4.2.2 Manfaat pikeun Guru**

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa méré sawangan ka guru pikeun ngagunakeun média pangajaran anu cocog dina pangajaran nulis karangan éksposisi, salasihijina ngagunakeun média *movie maker*. Sarta bisa mantuan guru dina ngalaksanakeun prosés diajar ngajar kalawan ngagunakeun média nu inovatif nu bisa ngarojong kana prosés diajar.

#### **1.4.2.3 Manfaat pikeun Siswa**

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa ngirut siswa sangkan resep nulis, ogé sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan, khususna nulis karangan éksposisi.

#### **1.4.2.4 Manfaat pikeun Panalungtik**

Sabada ngaréngsékeun ieu panalungtikan, dipiharep panalungtik bisa ngamekarkeun deui pangaweruh jeung pangalaman nalungtikna, sarta bisa nerapkeun tiori nu geus kacangking.

#### **1.4.2.5 Manfaat pikeun Nu Maca**

Hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa ngabeungharan wawasan jeung pangaweruh, hususna ngeunaan manfaat média *movie maker* dina pangajaran nulis karangan éksposisi.

### **1.5 Sistematika Nyusun Skripsi**

Sistematika panulisan dina nyusun skripsi.



Bab I Bubuka, ngawengku kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, manfaat panalungtikan, jeung sistematika panulisan.

Bab II Tinjauan pustaka, ngawengku média pangajaran *movie maker* jeung kaparigelan nulis karangan éksposisi.

Bab III Méthode Panalungtikan, ngawengku lokasi panalungtikan, méthode panalungtikan, desain panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung prosedur panalungtikan.

Bab IV Analisis kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi ngagunakeun média *movie maker*.

Bab V Kacindekan jeung saran, ngawengku hal-hal nu kapanggih dina panalungtikan, kacindekan, jeung saran.

